

## **BAB III**


### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Dina hiji panalungtikan tangtuna nu nalungtik kudu dirojong ku méthode panalungtikan anu luyu jeung udagan anu rék dihontal. Méthode anu dipaké bakal mangaruhan kana léngkah panalungtik dina ngumpulkeun tur ngolah datana. Arikunto (2013, kc. 203) ngébréhkeun yén metode panalungtikan téh mangrupa cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikannana. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan méthode déskriptif. Méthode déskriptif nyoko kana logika paélmuan, prosedur, ogé kudu nyoko kana méthodologi katut kajian tiori anu luyu jeung disiplin élmunana. Sabbaraha deskripsi dipaké pikeun nyangkem prinsip jeung pamahaman anu nuduhkeun kana kacindekan.

#### **3.2 Desain Panalungtikan**

Dina bagéan desain panalungtikan eusina mangrupa gambaran ngeunaan prosés panalungtikan anu bakal dilakonan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 22-23) desain panalungtikan mangrupa prosés anu dirancang pikeun ngajawab pasualan panalungtikan. Kerlinger (dina Mukhtar, 2013, kc. 40) ngébréhkeun pamadeganna yén desain panalungtikan téh mangrupa rancangan atawa rencana jeung struktur panalungtikan anu diruntuy sangkan panalungtik bisa meunangkeun jawaban tina patalékan atawa pasualan panalungtikan. Ieu di handap mangrupa gambaran léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun panalungtik dipedar dina bagan di handap.



**Bagan 2. 2**  
**Desain Panalungtikan**

### 3.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data mangrupa sajumlahing informasi anu sakirana bisa dipaké ku panalungtik pikeun dijadikeun sumber primer atawa sekunder (Mukhtar, 2013, kc. 107). Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) ngébréhkeun yén anu dimaksud sumber data panalungtikan téh nyaéta subjék asal data. Sumber data primer dina ieu panalungtikan nya éta “Pépéling Kangjeng Nabi” anu aya di Désa-Kecamatan Ciwidéy Kp. Néglasari RT 02 RW 04 Kabupatén Bandung. Ieu naskah ditulis dina basa Sunda kalawan ngagunakeun aksara Arab Pégon, kandelna 58 kaca. Jenis keretas anu dipaké nya éta keretas Éropa atawa polio. Jumlah pada dina naskah aya 230 jeung ngagunakeun tujuh pupuh, nyaéta asmarandana, pucung, dangdanggula, sinom, mijil, wirangrong, jeung pangkur. Naskah wawacan “Pépéling Kangjeng Nabi” mangrupa koléksi atawa arsip pribadi Bapa Candra Purnama Komara (42 taun) atawa biasa dilandih Ang Chandra anu diwariskeun sacara turun tumurun ti akina. Eusi naskah wawacan “Pépéling Kangjeng Nabi” téh mangrupa pépéling Rasulullah pikeun putrana nyaéta Nyi Fatimah sarta umumna mah pikeun sakabéh wanoja jaman ahir.

### 3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan ngawengku dua téhnik anu diantarana nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### 3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun sabbaraha cara, nu di antarana nya éta:

##### a. Observasi

Ieu kagiatan mangrupa hiji pengamatan ti panalungtik dilakukeunna sacara langsung atawa henteu langsung kana objék panalungtikanana (Noor, 2015, kc. 140). Ieu téhnik dipaké pikeun néangan naskah anu aya di masarakat.

##### b. Wawancara

Salah sahiji kagiatan anu dilakukeun sacara Iréangsung ngagunakeun pedoman anu aya, narasumber dibéré daptar patalékan anu bakal ditanyakeun dina prosés wawancara (Noor, 2015, kc. 138).

c. Dokumentasi

Nurutkeun Arikunto (1993, kc. 202) ieu kagiatan mangrupa néangan data saperti, transkrip, surat, majalah, buku, prasasti, jrrd. Ieu téhnik dipaké pikeun ngadokumentasikeun naskah anu geus kapanggih sangkan babari dina ngalaksanakeun

d. Studi pustaka

Téhnik nu pamungkas nyaéta ngalaksanakeun studi pustaka pikeun ngeuyeuban data anu patali jeung garapan panalungtikan.

### 3.4.2 Ngolah Data

Sabada data dikumpulkeun, léngkah saterusna nyaéta data anu geus aya téh diolah ngaliwatan tehnik analisis sacara langsung kana ajén kaagamaan anu nyampak dina naskah. Léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) ngajéntrékeun ngeunaan déskripsi, idéntitas, jeung kaayaan naskah wawacan “Pépéling Kangjeng Nabi”;
- 2) midangkeun hasil transliterasi téks naskah wawacan “Pépéling Kangjeng Nabi”; jeung
- 3) nganalisis ajén kaagamaan anu nyampak dina naskah wawacan “Pépéling Kangjeng Nabi”.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan diperlukeun pikeun ngarojong sangkan panalungtik bisa nyangking informasi anu diperlukeun. Instrumén panalungtikan téh mangrupa alat pikeun ngumpulkeun data sangkan nu nalungtik bisa leuwih babari jeung bisa nyangking hasil anu hadé, dina harti anu lengkep tur sistematis nepi ka babari diolah (Arikunto, 2013, kc. 203). Nurutkeun Sudrajat (2016, kc. 32) instrumén panalungtikan mah alat anu digunakeunna kudu luyu jeung pasualan anu ditalungtikna. Panalungtik ngagunakeun pedoman wawancara pikeun maluruh raratan naskah anu mangrupa format raratan naskah wawacan “Pépéling Kangjeng Nabi”, sarta tabél analisis pikeun nataan ajén-ajén kaagamaan anu aya dina naskah

wawacan “Pépéling Kangjeng Nabi”.

Salian ti éta, panalungtik ogé ngaunakeun instrumén dina panalungtikan anu ngawengku *Pedoman Ringkas Transliterasi, Édisi, dan Terjemahan: Aksara Sunda Kuna, Buda, Cacarakan, dan Pégon* (Ruhaliah, 2012), *Kamus Basa Sunda* (Danadibrata, 2015), *Palanggeran Éjaan Basa Sunda* (2014), jeung *Al-qur'an Tarjamah Sunda* (Shaleh spk., 2017).

Tabél analisis data miboga fungsi pikeun ngumpulkeun data panalungtikan anu ngawengku eusi naskah, anu tujuannana sangkan babari dina nganalisis data sarta dina nyieun kacindekkan. Tabél analisis data anu digunakeun dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

#### a. Aqidah

**Tabél 3. 1**

**Analisis Ajén Aqidah**

| No | Ajén | Pada Ka- | Sumber |
|----|------|----------|--------|
| 1  |      |          |        |
| 2  |      |          |        |

#### b. Syari'ah

**Tabél 3. 2 Analisis**

**Ajén Syari'ah**

| No | Ajén | Pada Ka- | Sumber |
|----|------|----------|--------|
| 1  |      |          |        |
| 2  |      |          |        |

#### c. Ahlak

**Tabél 3. 3**

**Analisis Ajén Ahlak**

| No | Ajén | Pada Ka- | Sumber |
|----|------|----------|--------|
| 1  |      |          |        |
| 2  |      |          |        |

Keterangan:

- (1) wanda anu nyoko kana ajén kaagamaan anu ngawengku aqidah, syari'ah, jeung ahlak nurutkeun tiori (Rohidin, 2020);
- (2) data kalimah mangrupa ungkara anu miboga ajén kaagamaan dina naskah wawacan “Pépéling Kangjeng Nabi”;
- (3) nomer pada atawa padalisan nuduhkeun kalimah anu aya dina pada jeung padalisan ka-; jeung
- (4) sumber ajén kaagamaan anu sumberna tina Al-Qur'an.

Dina ngalaksanakeun wawancara, diperlukeun pedoman wawancara sangkan informasi kacangking luyu jeung anu dibutuhkeun ku panalungtik. Pedoman wawancara pikeun mikanyaho raratan naskah dina ieu panalungtikan diruntuy saperti ieu di handap.

**Tabél 3. 4**  
**Raratan Naskah "Pépéling Kangjeng Nabi"**

| <b>Raratan Naskah</b>   |
|---|
| 1) Judul Naskah <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Dina naskah</li> <li>b. Ceuk nu boga naskah</li> </ol>                              |
| 2) Nu ngarang naskah <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Ngaran</li> <li>b. Umur</li> <li>c. Pakasaban</li> <li>d. Padumukan</li> </ol> |
| 3) Nu nyalin naskah <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Ngaran</li> <li>b. Umur</li> <li>c. Pakasaban</li> <li>d. Padumukan</li> </ol>  |
| 4) Nu boga naskah <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Ngaran</li> <li>b. Umur</li> <li>c. Pakasaban</li> <li>d. Padumukan</li> </ol>    |
| 5) Asal-usul naskah   |
| 6) Fungsi naskah <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Baheula</li> <li>b. Ayeuna</li> </ol>  |
| 7) Ukuran naskah  |

**Raratan Naskah**

- 8) Ruang tulis
- 9) Kaayaan naskah
- 10) Jumlah kaca
- 11) Jumlah baris unggal kaca
- 12) Basa
- 13) Aksara
- 14) Ukuran aksara
- 15) Wangun aksara
- 16) Alat tulis
  - a. Jenis alat tulis
  - b. Warna mangsi
  - c. Warna keretas
  - d. Paginasi (penomeran kaca)
  - e. Iluminasi (hiasan)
  - f. Jumlah pupuh
  - g. Jumlah pada
  - h. Wangun katerangan